



Vaksinyasyon

Èske vaksen an ap fè m malad?

- Non, ou p ap pran COVID-19 nan vaksen an. Ou ka gen kèk efè segondè apre ou fin resevwa premye oswa dezyèm piki a, men sentòm sa yo ta dwe ale nan kèk jou. Si yo pa ale, rele doktè ou.
- Efè segondè ki pi komen yo gen ladan yo yon bra fè mal (kote yo ba ou piki a), lafyè, doulè nan misk, tèt fè mal.

Si mwen pran vaksen an, èske mwen toujou dwe mete yon mask?

- Wi. Paske se pa tout moun ki pran vaksen an, epi paske toujou gen nouvo varyant kontajye COVID-19, ou ta dwe kontinye mete yon mask, kenbe yon distans ak tout moun, ak lave men ou.

Èske imigrasyon pral itilize enfòmasyon mwen bay yo?

- Non. Sèvis imigrasyon oswa gouvènman an p ap itilize okenn enfòmasyon ou ban nou pou swiv ou, fanmi ou, oswa vwazen ou yo. Enfòmasyon yo la pou ede nou konnen ki moun ki te deja pran vaksen an, epi ki moun ki poko resevwa li.

Planifye randevou vaksen w lan:



Louvri pou nenpòt rezidan Massachusetts
<https://www.lchcnet.org/covid-19-vaccine-scheduling>

Plis enfòmasyon:

<https://www.lchcnet.org/covid-19-vaccine-information>

Klinik Vaksen Mobil: Nou pral pote vaksen ba ou!



<https://www.lchcnet.org/mobile-vaccination-program>

- Pou biznis, òganizasyon kominotè, legliz ak tanp,
- Nan sit ou a, oswa kolabore ak yon lòt òganizasyon
- Nou angaje pou fè bagay yo mache ak òganizasyon ou an

*Ou pa bezwen yon machin pou fèt tès la oswa pou pran vaksen.
Ou pa oblije yon pasyan LCHC epi ou pa bezwen gen asirans*

Tès

Poukisa mwen ta dwe fè tès?

- Lè nou kontwole pousantaj COVID-19 ki pozitif, sa ap ede nou relouvri kominote nou an san danje epi pwoteje tout moun nou renmen yo
- Pa gen anpil vaksen ki disponib, epi se pa tout moun ki te gentan pran vaksen an.
- Vaksen yo pa 100% efikas, malgre yo yon gwo èd kanmenm epi yo san danje.



- ✓ Nenpòt moun ka fè tès la, ni granmoun ni timoun
- ✓ Ou pa bezwen gen asirans sante
- ✓ Yo p ap mande w sitiyasyon imigrasyon ou

Tcheke lè nou fè tès gratis:

<https://www.lchcnet.org/covid-19-testing-information>

Ou mèt vini san randevou.